

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Karawang salah sahiji wewengkon di Propinsi Jawa Barat anu kabagi jadi sababaraha kacamatan, salah sahijina Kacamatan Karawang Barat. Di Kacamatan Karawang Barat aya dalapan kalurahan nya éta Adiarsa Barat, Nagasari, Karawang Kulon, Karang Pawitan, Tanjung Pura, Tanjung Mekar, Tunggak Jati, Mekar Jati.

Ceuk kolot baheula mah éta Karawang téh urut rawa. Baheula mah disebutna Karawaan, mun ayeuna mah disebut Karawang téa. Carita samodél kitu téh bisa waé kapanggih di unggal tempat tina rupa-rupa informasi nu diébréhkeun jeung tina aspék-aspék ngaran hiji tempat.

Ayeuna carita ngaran hiji tempat ngaguluyur jeung dumukna jalma di éta patempatan atawa ti carita warga sabudeureuna, samodél Kampung Anjun anu aya di désa Karawang Barat, Kabupatén Karawang. Ngaran éta tempat dumasar kana hiji kajadian, nya éta loba warga anu ngajual karajinan tina taneuh liat, Anjun anu hartina taneuh. Ieu hal luyu jeung pamadegan T. Bachtiar (2007:1) nétélakeun yén.

“Ngaran géografi samodél ngaran wahangan, tegal, gunung, lebak, pulo, teluk, sagara, selat, désa/tempat, jst. Hal éta miboga tujuan pikeun méré ngaran udagan sarta pikeun lumangsungna komunikasi disabudeureun masarakat. Ngaran wewengkon méré hiji cicirén kana lalampahan hirup masarakatna sarta lumangsungna sajarah di éta patempatan.” Ngaran-ngaran tempat anu aya di kota Karawang tangtu waé

miboga kasang tukangna, bisa ogé ti carita rayat ngaliwatan média lisan ti generasi ka generasi anu ngora. Saeutik lobana tangtu waé masarakat apal kana carita hiji tempat.

Nurutkeun Kosasih (dina *Cahara Bumi Siliwangi*, No:5 Agustus 2010) kajian *folklor* dina toponimi téh séké sélér tina élmu onomastika (*onomastics*), anu ulikanana ngawengku di antarana baé: méré ngaran jalan, ngaran atawa jujuluk jalma, ngaran kadaharan, ngaran bubuahan kaasup asal-usul (legénda) ngaran hiji tempat dumasar kana 'sajarah' ngajanggélékna. Toponimi ditilik tina jihat étimologis asal tina kecap *topo* nu hartina tempat jeung kecap *nimi* (*name*) nu hartina ngaran. Jadi sacara étimologis toponimi téh ngandung harti panataan ngaran-ngaran patempatan. Nataan ngaran tempat tangtu bakal loba rambat kamaléna lantaran ngajujut ngaran tempat mah teu cumpon ku nyawang ngan tina salah sahiji aspék baé.

Komo lamun ditilik dina kaayaan jaman nu geus maju, Karawang anu baheulana disebut lumbang padi di Jawa Barat ayeuna geus kagésér ku ayana pabrik jeung parumahan. Ngaran patempatan ogé geus aya anu kaganti ku ayana parumahan. Hal samodél kitu ngabutuhkeun panalungtikan sangkan patalékan ngeunaan asal-muasal ngaran patempatan jeung carita folklor anu aya di Kacamatan Karawang Barat bisa kapaluruh. Ku kituna, dumasar kana *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) Mata Pelajaran Basa Sunda* pangaweruh maca sajarah lokal atawa carita babad kudu ditepikeun ka siswa SMP pangaruhna pikeun kahontal henteuna tujuan pangajaran. Ari sarat pikeun nangtukeun bahan pangajaran téh nya éta ku jalan milih jeung nimbang-nimbang bahan pangajaran anu diluyukeun jeung tingkat kamekaran siswa.

Dumasar kana kasang tukang di luhur perlu ngayakeun panalungtikan ngeunaan Folklor Ngaran Patempatan di Kacamatan Karawang Barat pikeun Bahan Pangajaran Kelas VII di SMP.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang, masalah anu ditalungtik dina ieu panalungtikan diwatesanan sangkan leuwih museur kana objék panalungtikan folklor ngaran patempatan di daérah Kacamatan Karawang Barat nurutkeun carita rayat dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial.

Ngaran tempat anu dimaksud di luhur, nya éta ngaran kampung anu bakal dipedar lamun disawang tina aspék sajarah jeung kapercayaan. Satuluyana éta ngaran tempat baris disebut ngaran kampung.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Masalah ieu panalungtikan diwangun ku kalimah pananya ieu di handap:

- 1) kumaha sistem méré ngaran tempat anu aya di Kacamatan Karawang Barat?
- 2) ngaran tempat naon waé anu mangaruhan kana aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial nepi ka aya ngaran samodél kitu?
- 3) Kumaha bahan pangajaran folklor dina aspék maca pikeun siswa SMP?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) Sistem méré ngaran patempatan anu aya di Kacamatan Karawang Barat.
- 2) Ngaran tempat naon waé anu kaasup aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial.
- 3) Bahan pangajaran folklor dina pangajaran maca pikeun siswa SMP.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Sacara Tioritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamajukeun paélmaan budaya Sunda dina widang folklor atawa carita babad.

#### **1.4.2 Sacara Praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh hususna masarakat satempat, umumna ka balaréa anu maca ieu karya. Kumaha kasang tukang hiji kampung nepi ka disebut samodél kitu ku masarakat satempat.

### **1.5 Anggapan Dasar**

Karawang nya éta salah sahiji ngaran tempat anu aya di Jawa Barat. Di Kabupatén Karawang loba carita ngeunaan folklor anu bisa dimangpaatkeun pikeun bahan pangajaran.

## **1.6 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

### **1.6.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode anu dipaké dina panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, ngaanalisis data, sarta ngadéskripsikeun data.

### **1.6.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta téhnik wawancara, observasi, dokuméntasi jeung studi pustaka.

## **1.7 Lokasi, Data, jeung Sumber Data**

### **1.7.1 Lokasi**

Lokasi anu jadi tempat panalungtikan nya éta Kacamatan Karawang Barat anu legana 3.473,497 Ha. Di Kacamatan Karawang Barat aya dalapan kalurahan di antarana waé: Adiarsa, Nagasari, Karawang Kulon, Karang Pawitan, Tanjung Pura, Tanjung Mekar, Tunggak Jati, Mekar Jati.

### **1.7.2 Data**

Data anu dipaké dina panalungtikan nya éta carita ngaran patempatan anu aya di Kacamatan Karawang Barat.

### 1.7.3 Sumber Data

Sumber anu dipaké nya éta warga satempat anu nyaho kana kasang tukang ngaran patempatan nepi ka dibéré jujuluk samodél kitu.

